

BAB 1 BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran basa Sunda di sakola dirarancang pikeun ngaronjatkeun sarta ngamekarkeun kamampuh basa, sastra, budaya, jeung kaparigelan mikir. Mekarna kamampuh basa nyoko kana pangaweruh basa (tatabasa jeung kosa kecap) sarta kana kaparigelan basa (Kurikulum Merdeka, 2022, kc. 44). Aya lima aspék kaparigelan basa nu diajarkeun di sakola, nya éta kaparigelan maca, nulis, ngaregepkeun, nyarita jeung miarsa.

Kaparigelan maca jadi aspék kaparigelan anu wajib jeung penting dikawasa ku siswa. Lantaran bisa mantuan siswa dina nyangking informasi tina wangun tulisan anu aya dina bahan bacaan. Maca mangrupa prosés nyangking pesen anu ditepikeun panulis ngaliwatan basa tinulis (Sudaryat, 2017, kc. 153). Pamadegan séjén ngébréhkeun yén maca mangrupa hiji prosés mikir anu ngawengku pamahaman, nétélakeun, jeung napsirkeun harti tina simbol tinulis anu ngalibetkeun visualisasi, gerak panon, ucapan, pikiran, jeung ingetan (Harianto, 2020, kc. 2).

Maca asup kana kaparigelan basa anu sipatna reséptif. Nurutkeun Broughton, maca minangka hiji kaparigelan anu miboga tilu komponén kamampuh, nya éta (1) mikawanoh aksara sarta tanda baca, (2) korélasi aksara sarta tanda baca jeung unsur-unsur linguistik anu formal, sarta (3) hubungan antara aksara, tanda baca sarta unsur linguistik formal jeung makna (Sudaryat, 2017, kc. 154).

Kaparigelan maca di sakola salasihijina aya dina matéri aksara Sunda. Sakumaha anu aya dina Kurikulum Merdeka Muatan Lokal Bahasa Sunda 2022, dina élemén kaparigelan maca pikeun siswa anu aya dina Fase C (kelas V jeung VI SD) jeung Fase D (kelas VII, VIII, jeung IX SMP), “*Peserta didik mampu membaca kata-kata dan kalimat sederhana yang menggunakan aksara Sunda sesuai dengan kaidahnya*” (Kurikulum Merdeka, 2022, kc. 35).

Pangajaran aksara Sunda di sakola maluruh ngeunaan simbol-simbol aksara Sunda, sarta tata cara maca aksara Sunda anu luyu jeung kaidahna. Aksara Sunda mangrupa salasihiji wujud warisan sajarah budaya Sunda. Ayana matéri aksara Sunda dina Kurikulum Muatan Lokal mangrupa salasihiji tarékah sangkan basa

jeung budaya Sunda teu leungit ku kamajuan jaman (Fadiyah Nur Afifah, spk., 2022, kc. 23).

Kiwari aksara Sunda masih kénéh kurang dipikawanoh ku masarakat, kaasup masarakat Sundana. Di sakola, pangajaran aksara Sunda ogé kawilang jadi pangajaran anu hésé keur siswa. Nurutkeun Nurfadhillah, spk (2024, kc. 266), salasihiji faktorna téh nya éta cara ngajar anu dipaké guru masih kénéh konvénsional. Salian ti éta, kurangna kompetensi jeung kaparigelan guru dina ngalarapkeun modél pangajaran, ngabalukarkeun teu kairutna siswa kana pangajaran aksara Sunda (Hardiani, 2020, kc. 153). Salasihiji cara pikeun nyieun kagiatan pangajaran jadi leuwih pikaresepeun jeung ngirut siswa, nya éta ku cara ngagunakeun modél pangajaran anu loyog (Cholifah, 2018, kc. 66).

Tina sawatara pasualan di luhur, salasihiji modél pangajaran anu loyog digunakeun dina pangajaran aksara Sunda nya éta modél *picture and picture*. Modél *picture and picture* mangrupa modél pangajaran anu bisa ngalatih daya mikir jeung imajinasi siswa. Média anu digunakeun dina ieu modél nya éta média gambar. Gambar anu digunakeun leuwih ti hiji. Siswa kudu nyusun kana éta gambar kalawan dibarung ku nepikeun alesan ngeunaan susunanana (Sugiharti & Oktaviana, 2023, kc. 36).

Modél *picture and picture* mangrupa modél pangajaran anu ngalibetkeun siswa ngilu aktif ngalatih kamampuh mikir sacara logis jeung sistematis. Dina pangajaran aksara Sunda, mimiti siswa ditémbongkeun gambar simbol-simbol atawa aksara jeung rarangkén anu aya dina aksara Sunda, nepi ka wangun kecap jeung kalimah. Dina tahap kecap jeung kalimah gambarna diacak, tuluy disusun ku siswa luyu jeung kaidah maca aksara Sunda. Ku kituna, ngaliwatan modél *picture and picture* guru bisa ngukur tingkat pamahaman siswa kana konsép matéri pangajaran aksara Sunda (Natalina, 2012, kc. 2)

Ieu panalungtikan téh lain anu munggaran aya. Dina pangajaran basa Sunda hungkul ogé geus katitén aya 7 panalungtikan saméméhna ngeunaan modél pangajaran *picture and picture*, tilu di antaranna nya éta panalungtikan anu miboga jejer “Modél Pangajaran *Picture and Picture* pikeun Ngaronjakeun Kamampuh Nulis Téks Drama: Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII Ipa 3 SMA Negeri 17 Bandung Taun Ajaran 2013/2014” ku Prestiane (2014). Tuluy aya panalungtikan

“Modél *Picture ad Picture* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita dina Paguneman: Studi Kuasi Ékspériman ka Siswa Kelas X Administrasi Perkantoran SMKN 1 Cihampelas Kabupatén Bandung Barat Taun Ajaran 2014/2015” ku Supardi (2016). Lian ti éta aya ogé panalungtikan “Modél Pangajaran *Picture and Picture* dina Pangajaran Nulis Laporan: Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-C SMP Negeri 26 Bandung Taun Ajaran 2015/2016” ku Wulandari (2016).

Tilu panalungtikan saméméhna di luhur, nalungtik larapna modél *picture and picture* kana matéri nulis jeung nyarita. Nepi ka ayeuna can aya anu nalungtik modél *picture and picture* kana pangajaran maca. Ku dibarengan kamajuan téhnologi kiwari dina nyiptakeun média visual, modél *picture and picture* bisa ogé dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca, kaasup maca aksara Sunda ku cara nyieun gambar-gambar anu leuwih variatif gumantung kréativitas guru anu ngagunakeun ieu modél.

Salian ti éta, panalungtikan ngeunaan aksara Sunda ogé lain anu munggaran. Contona aya panalungtikan “Modél *Pair Check* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda: Studi Kuasi Ékspérimén Siswa Kelas X Mipa 2 SMA Negeri 11 Kota Bandung Taun Ajar 2018/2019.” ku Nur Indah (2019). Aya ogé panalungtikan “Modél *Examples Non Examples* dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda: Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XC di SMA Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023.” ku Alinda (2022). Lian ti éta aya “Modél Kooperatif Tipe Kartu Arisan dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda: Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-3 SMAN 18 Bandung Taun Ajar 2022/2023” ku Sakinah (2023).

Dumasar pedaran di luhur, modél *picture and picture* bisa jadi alternatif modél pangajaran anu dipaké pikeun ngungkulan pasualan anu karandapan boh ku guru boh ku siswa dina pangajaran maca aksara Sunda. Ku kituna, panalungtikan anu dijejeran “Modél *Picture and Picture* dina Pangajaran Maca Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-A di SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajar 2023/2024) perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sababaraha masalah dina ieu panalungtikan, nya éta:

- a. kamampuh siswa dina maca aksara Sunda masih kénéh asor;
- b. modél pangajaran anu dipaké di kelas masih kénéh kurang éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca aksara Sunda.
- c. timbulna kapanasaran pikeun nguji modél *picture and picture* minangka tarékah dina ngaronjatkeun kaparigelan maca siswa hususna dina pangajaran aksara Sunda.

Pikeun ngaidéntifikasi pasualan anu geus diguar di luhur, satuluyna dirumuskeun sababaraha kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh maca aksara Sunda saméméh ngalarapkeun modél *picture and picture*?
- b. Kumaha kamampuh maca aksara Sunda sanggeus ngalarapkeun modél *picture and picture*?
- c. Naha aya bébédaan anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus dilarapkeunana modél pangajaran *picture and picture*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kasang tukang jeung rumusan masalah, sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun, nganalisis, jeung nguji kamampuh siswa dina pangajaran maca aksara Sunda kalawan ngagunakeun modél pangajaran *picture and picture*.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar masalah anu geus dirumuskeun, ieu panalungtikan miboga tujuan sacara husus, nya éta ngadéskripsikeun:

- a. kamampuh maca aksara Sunda kelas VII-A di SMP Negeri 29 Bandung saméméh ngalarapkeun modél pangajaran *picture and picture*;
- b. kamampuh maca aksara Sunda kelas VII-A di SMP Negeri 29 Bandung sanggeus ngalarapkeun modél pangajaran *picture and picture*;

Anissa Sadiyah, 2024

MODÉL PICTURE AND PICTURE DINA PANGAJARAN MACA AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- c. béda anu signifikan antara saméméh jeung sanggeus ngalarapkeun modél pangajaran *picture and picture*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, minangka bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan séjén ka hareupna, hususna anu nalungtik ngeunaan modél pangajaran *picture and picture*.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat:

- a. pikeun guru, bisa dijadikeun alternatip milih modél pangajaran anu leuwih éféktif keur ngaronjatkeun kamampuh maca siswa, hususna dina pangajaran maca aksara Sunda;
- b. pikeun siswa, bisa numuwuhkeun motivasi kaaktifan diajar, sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh maca aksara Sunda;
- c. pikeun panalungtik, bisa dijadikeun motivasi sangkan mampu nyiptakeun, ngarancang sarta ngalarapkeun modél pangajaran anu kreatif jeung inovatif salaku alat pikeun ngamekarkeun prosés pangajaran anu leuwih éféktif tur bisa dipikaresep ku siswa.

1.5 Raraga Tulisan

Ayana raraga tulisan nya éta sangkan panalungtikan disusun sacara sistematis dina wangun skripsi. Sacara sistematis ieu skripsi téh diwengku ku lima bab, nya éta:

BAB 1 Bubuka, ngawengku kasang tukang pasualan anu kaidéntifikasi, rumusan masalah jeung idéntifikasina dumasar kasang tukang, tujuan sacara tioritis jeung praktis, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, ngawengku tiori ngeunaan modél pangajaran, modél *picture and picture*, maca, aksara Sunda, jeung modél *picture and picture* dina

pangajaran maca aksara Sunda. Salian ti éta, dipedar ogé ngeunaan sababaraha judul panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Méthode Panalungtikan, ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data, instrumén panalungtikan, sarta téhnik analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan, anu ngawengku kamampuh siswa dina maca aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél *picture and picture*, kamampuh siswa dina maca aksara Sunda sanggeus *picture and picture*, sarta bébédaan anu signifikan kana kamampuh maca aksara Sunda siswa kelas VII-A SMP Negeri 29 Bandung.

BAB V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, ngawengku kacindekan hasil panalungtikan, rékoméndasi, jeung implikasi modél *picture and picture* boh pikeun guru boh anu lianna dina prosés pangajaran, hususna dina pangajaran maca aksara Sunda.